

Ona Upenyu Sezvinoita Mwari (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 13 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



MAONERO AUNOITA UPENYU ANE BASA HERE KUNA MWARI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Vamwe vanhu vangangoti chii?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Upenyu chipo chinobva kuna Mwari. (Ona ndima 1-2 dzechitsauko 13 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei*?)

Verenga Zvakazarurwa 4:11.

Maererano nevhesi iyi, nei Jehovha Mwari achifanira kukudzwa?

Verenga Mabasa 14:16, 17.

Kunze kwekungopa upenyu, Jehovha anohutsigira sei?



Vanhu vagara vachichengetedza zvinhu zvinokosha kwavari. Saizvozvowo, tinofanira kuremekedza chipo chepenyu

Kuremekedza upenyu kunofanira kuonekwa mune zvatinoita.

(Ona ndima 3-9 dzechitsauko 13 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Eksodho 21:22, 23; Dheuteronomio 5:17; naPisarema 127:3.

Mavhesi aya anoratidza sei maonero anoita Mwari kubvisa pamuviri uye kuuraya?

Verenga VaRoma 12:1 na2 VaKorinde 7:1.

Tingaratidza sei kuti tinoremekedza upenyu hwedu pachedu?

Nei uchikoshesa chipo cheupenyu?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Ndinoita zvandinoda nemuviri wangu chero pasina wandinokuvadza.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Vanhu vakawanda vangangobvumirana nemashoko iwayo. Asi ini ndinodavira kuti ndinofanira kufunga kuti Mwari anoona sei nyaya yacho nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kana mukadzi achida kubvisa pamuviri, ikodzero yake—muviri wake.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ichokwadi kuti tese takasununguka kusarudza zvatinoda. Asi ndinodavira kuti kubvisa pamuviri kwakaipa nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?
